

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun ulikan objéktif jeung ulikan mimétik, sarta ajén étika dina novel *Abu Nawas Saémbara* karya Rachmat. M. Sas Karana. Aya tilu anu dicindekkeun dina ieu panalungtikan, nya éta ulikan objéktif, ulikan mimétik, jeung ajén étika.

Ulikan objéktif anu aya dina ieu novel téh nya éta aya téma, galur, latar, tokoh jeung watekna, sarta jihad sawangan. Téma dina ieu novel téh nya éta kacerdasan jeung kawijakan Abu Nawas salaku tokoh utama dina ieu novel. Galur dina ieu novel ngagunakeun galur mérélé, lantaran dicaritakeun ti mimiti Abu Nawas miluan saémbara nepi ka Abu Nawas diabuskeun ka panjara. Sedengkeun latar anu aya dina ieu novel nya éta aya latar waktu, latar tempat, jeung latar sosial. Tokoh anu dicaritakeun dina ieu novel aya 11 tokoh, nya éta Abu Nawas, sultan Syah Azab, putri Nur Hasanah, tabib, mantri, ponggawa, Ismail, Siti Aisyah, bapa Aisyah, jeung indung Aisyah. Jihad sawangan anu dipaké dina ieu novel téh nya éta ngagunakeun jalma katilu kawatesanan.

Ulikan mimétik anu nyampak dina ieu novel nya éta sakabéh carita miboga unsur carita nu sarua dina kahirupan nyata. Ti mimiti bagian kahiji nepi bagian kaopat, novel *Abu Nawas Saémbara* miboga unsur-unsur carita nu sarua dina kahirupan sapopoé anu sipatna nyata.

Ajén étika anu nyangkaruk dina novel *Abu Nawas Saémbara* karya Rachmat. M. Sas Karana, bisa dititénan tina sikep jeung omongan tokoh anu aya dina ieu novel. Katitén aya tilu ajén étika anu bisa dicindekkeun dina ieu novel, nya éta ajén étika téologis, ajén étika filsafat, jeung ajén étika sosial.

5.2 Implikasi

Hasil ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh jeung kamekaran kasusastraan, sarta bisa ngeuyeuban paélmuan ajén étika dina karya sastra, utamana dina novel Sunda, sarta bisa jadi référénsi pikeun pangajaran di sakola.

5.3 Rékoméndasi

Sawatara saran atawa rékoméndasi ditujukeun pikeun pihak-pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan nya éta pikeun panalungtik satuluyna, guru, jeung masarakat. Pikeun panalungtik satuluyna kudu bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan sangkan bisa jadi biji dadasar keur panalungtikan anu leuwih jembar deui. Guru bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan sangkan bisa ngarojong pangajaran di sakola. Masarakat dipiharep bisa terus neuleuman pangaweruh ngeunaan karya sastra salasahijina sastra anak. Salian ti éta, ajén étika dina ieu panalungtikan bisa dijadikeun gambaran dina kahirupan sapopoé sangkan papada manusa bisa leuwih silih hargaan

Riska Ikrimah, 2020

*AJEN ETIKA DINA NOVEL ABU NAWAS SAEMBARA KARYA RAHMAT M. SAS
KARANA (Ulukan Objektif Mimetik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Riska Ikrimah, 2020

*AJEN ETIKA DINA NOVEL ABU NAWAS SAEMBARA KARYA RAHMAT M. SAS
KARANA (Ulukan Objektif Mimetik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu